

Date : November 15, 2017

Nimewo Pwogram Nan : 1013

Tit Pwogram Nan : Jak 3:1-4

Mwen kontan salye w e resevwa w nan etid la pou jounen an. Nou toujou nan lèt Jak la e n va wè Jak 3:1-4.

Annou kòmanse ak lapriyè.

Nou pa gen ase mo Senyè pou remèsye W pou gras ak fidelite W, donk n ap di sa nou konnen an : Mèsi. Nou remèsye W pou sa W deja fè, sa W ap fè e sa W ap kontinye fè pou nou. Nou remèsye W davans pou etid jodia. Pa kite l' tounen yon tan pèdi, pa kite l' tounen yon senp woutin men rann li efektif. Pou n pwofite nourin nanm nou, pou l remanbre nou. Pou n aprann, pou n konprann e pou n pase alaksyon. Sèvi etid jodia Papa pou W' pale ak nou. Se nan non Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W, amèn.

M ap swete w byenvini nan etid bibliik Atravè Labib. Jodia n'ap konsidere Jak 3 :1-4.

BONDYE TESTE LAFWA AK LANG MOUN

Dr. McGee di m te ekri yon livrè sou twazyèm chapit lèt Jak la e m te bay yon ti sansasyonèl. Men tout sansasyon sa a pa t plis pase sa Bib la li menm li prezante, paske tit mwen an se te menm tit nou jwenn nan Bib la ki se : lanfè pran dife. Ou va wè se

menm eskpresyon sa apot Jak itilize isit la tou pou pale sou lang moun.

Ou ka tande anpil deklarasyon k ap fèt sèjousi sou « Liberté d'expression » e libète laprès, e sa tounen yon vach sakre. Men, libète laprès, nan jou nou yo, vle di yo ka fè tèt ou selon ajandan liberal yo a, e dwa lapawòl la vle di yon moun ka repete sa l' vle ak bouch li. M ta swete wè moun ap goumen pou libète tande tou. Paske m gen yon sèl bouch men de zòrèy, e m panse zòrèy mwen yo bezwen menm kalite pwoteksyon ak bouch mwen. Nou bezwen libète « tande » nan jou nou yo menmjan nou bezwen dwa lapawòl.

Chapit sa a nan liv Jak la pale sou « Dwa Lapawòl nan linivè Bondye a », ki se yon lòt tit ke m bay chapit la. Gen yon lòt tit m renmen pou chapit sa tou ki di : « Bondye mete konvèsasyon w yo sou ekout. » E pa gen okenn dout ke Bondye gen tout dwa fè sa, Li gen dwa koute konvèsasyon nou yo. Anfèt Li te toujou gen dwa sa a, e L tande tou sa nou te janm di nan vi nou. Yo estime nan sitiasyon nòmal yon moun repete an mwayèn 30,000 mo pa jou. (Byenke m konnen de ou twa moun ki depase kantite sa). E sa kont pou w ta ekri yon liv ase volimine. Nan espas lavi nou, pawòl nou repete yo kont pou ta ranpli tout yon bibliyotèk. E Bondye gen sa nan achiv, paske L mete konvèsasyon nou yo sou ekout e l anrejistre yo.

Dr. McGee di li panse se sou kanpis Berkeley ki fè pati inivèsite Kalifòni ke vèsyon aktyèl mouvman lit dwa lapawòl la te kòmanse sa gen kèk lanne. Ajans nouvèl yo te fè yon repòtaj dispòsyone sou enpòtans li, kouvèti medyatik la an li menm se yon mwayen yo te sèvi pou te eseye lave sèvo nou. Gen anpil sitwayen, moun kap peye taks, e lòt sitwayen eminan ki te enkyete ke yon ti ponyen radikal te ka lakòz yo pase gran inivèsite sa a, ki finance ak lajan leta, nan rizib ou ta menm rive fèmen pòt li tandiske

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

majorite etidyan yo t ap viv nan entimidasyon ak enkyetid sou bon entansyon yo te genyen pou edike tèt yo.

Anfèt pwoblèm dwa lapawòl la pa sèlman reyèl laba byen lwen nan sèk inivèsité ou medyatik yo men l prezan nan legliz tou. E fòm ke l pran nan legliz la se : tripotay. Nou chak kretyen dwe gen preokipasyon libète lapawòl nou genyen an.

Tankou m fè sa pou liv Pwovèb yo, m konpare epit Jak la ak yon kou k ap dispanse nan Inivèsite Bondye a. Jak se yon dwayen nan Inivèsite Bondye a sou sijè kontwovèsyal sa a, e l gen kichòy pou di sou fason nou itilize ou abize lang nou. Nou te wè nan epit Jak la ke Bondye itilize plizyè mwayen pou teste lafwa. Isit la Bondye ap teste lafwa ak lang nou. Nou ta renmen lonje men nou sou etajè laboratwa lavi a e pran yon asid pou teste lafwa. E asid sa a pi pisan pase idwokolorik, silfi ou lòt yo. Etikèt ki sou li a make : lang.

Men anfèt se pa sou bioloji lang n'ap pale men pito sou teoloji l'. Jak te deja endike l' t'apral rive sou sijè sa. Li te di anvan sa nan Jak 1 :26 : « *Si yon moun kwè l'ap sèvi Bondye, pou anmenmtan li pa bride lang li, se tèt li l'ap twonpe. Sèvi Bondye jan sa a pa vo anyen.* » Li te di tou nan Jak 1 :19 : « *... Se pou tout moun prese louvri zòrèy yo pou yo ka tandè. Men, pa kouri pale, pa prese fè kòlè.* » Ou gen de zòrèy e yon bouch e m kwè Bondye fè sa konsa dekwa pou w ka koute de fwa plis pase w pale.

Lang se zam ki pi danjre ki gen nan monn lan. Li pi mòtèl pase bonm atomik, poutan pa gen ajans k ap fè enspeksyon l. G'on tapajè ki te fè yon deklarasyon pou di : « Se te yon mirak pou yon bourik te pale nan tan Balaram yo, men nan jou nou yon s'on mirak si n rive fè l' pe. » Gen yon lòt moun menm ki di : « Li pran yon ti bebe de zan pou l' aprann pale e senkant an pou l aprann pe bouch li. »

Yo rakonte istwa yon mesye ki t'ap peche sou waf la pandan plizyè èdtan men ki pa t janm pran anyen. Pandan gen de moun ki t'ap avanse rive sou li, li finalman te rive pran yon pwason. Se pa t' yon gwo pwason, donk yonn nan de moun ki te apèn rive yo reprimande msye pou di : « Ou pa wont tèt ou pou w kenbe yon ti pwason konsa ak yon tèl kriyote ? » E mesye a, san ke l pa menm pran lapèn leve je l gade moun k ap pale ak li a, paske l te yon ti jan dekouraje, reponn : « Petèt ou gen rezon madanm men si pwason an te kite bouch li fèmen, li pa ta pran nan zen an. » Gen yon lòt otè enkonni menm ki te ekri yon ti poèm pou di :

Si w pa vle bouch ou chape
Gen senk bagay ou bezwen veye
Ak ki moun w ap pale, de ki moun
E kòman, e ki lè e ki kote.

Yo eksprime enpòtans lang moun nan plizyè fason diferan, e pratikman chak peyi ajoute mo pa yo nan diskisyon sa. Sa gen kèk lanne m te li yon seksyon nan èv Spurgeon ki rele « Salt Cellars » la ki di :

Ti lang san zo a, byenke piti e fèb
Ka kraze e touye, dapre sa Grèk yo di
Lang touye plis moun,
Selon sa Tik yo di, pase nepe

Gen yon pwovèb pès ki di
Yon lang long- yon lanmò anvan lè
Pafwa yo di l sou fòm sa tou :
Pa kite lang ou koupe tèt ou

Lang ka pwononse yon mo ki
Selon chiwa yo, kouri pase cheval

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Saj arab yo menm di
Gran depo lang lan se kè a

Gen yon dikton ebre ki di
Pye ka glise, men veye lang ou
Otè sakre a kouwone tou sa pou di
Moun ki veye lang li ap konsève nanm li

Pawòl sa yo evidamman se bon koze, pawòl granmoun. M kwè ontètman lang se bagay ki pi danjre ki gen nan monn nan. M panse poubwa, bagay k ap mine l' interyèman yo, fè legliz la plis mal pase kout bèk chapantye yo, ou atak moun ki pa nan legliz yo. Gen yon moun ki te di sa konsa : « Ou se mèt pawòl ou di yo, men pawòl ou fin pwononse yo se mèt ou. » Ki vle di zanmi, depi w fin repete yon pawòl ou pa gen kontwòl li ankò.

Alò tou sa w tandè m ap di la yo se te pou fè entwodiksyon chapit la. Kounyea ann wè sa Jak gen pou di konsènan lang moun.

Jak 3 :1 *Frè m' yo, se pa pou anpil moun nan mitan nou kouri dèyè plas dirèktè. Paske, konnen byen: lè nou dirèktè, Bondye ap jije nou pi sevè pase lòt yo.*

Mo « direktè » a isit la vle di pwofesè ou anseyan. Jak ap di yon anseyan gen yon pi gran responsablite, e rezon ki esplike sa se akòz gran danje ki genyen pou l ta anseye yo move bagay. Sa vrèman etone m e preokipe m wè jan gen anpil kretyen ki kwè nan tout kalite fo ansèyman, espesyalman pou sa ki gen pou wè ak pwofesi. Tou sa yon anseyan bezwen sèjousi se konn pale. Moun asepte tout kalite metòd, tout kalite kilt tout kalite relijyon ki fini an « tis » ; men malgretou anpil nan lidè anseyan sa yo trè inyoran sou Bib la, si n'ap konsidere l' nan totalite l'. M rejwi nan etid bibliik a domisil, e m kwè yo bouche yon bon tou vid, men m jwenn gen kèk nan lidè yo k ap anseye tout kalite fos doktrin e ap

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

mal entèprete Bib la. Yo bezwen konnen plis sou Pawòl Bondye a pase jan yo ye a.

Jan moun yo tonbe byen vit pou ansèyman yo a lakòz anpil lidè anfle ak twonpri e ògèy. Gen yon jenn gason m te gen privilèj mennen vin jwenn Kris ki te fè fo pa nan ansèyman l' yo. M t ap eseye ankouraje l li Bib la, men l pa t fè sa. Kounyea li etabli pwòp lekòl li, e mesye elokan, li gen bon bouch. Gen yon moun nan lekòl li a k al jwenn li pou mande l: « Eske w konnen sa w ap anseye nou yo kontrè a sa pifò lòt teolojyen anseye espesyalman moun ki mennen w vin jwenn Kris la ? Jenn gason an reponn : « Ah, Dr. McGee ? Petèt li bezwen korije teoloji l la. » Wèl, onètman se byen posib. Paske Pawòl Bondye pa sispan epate m. E sa ki pi dekourajan sèke l' revele inyorans mwen, non pa konesans mwen. M reyalize gen anpil bagay pou m aprann toujou, men m sipèk jenn gason ki te fè deklarasyon sa a ki yon trajè ki pi long devan l'. Men malerezman li pa rekonèt inyorans li.

M sonje yon deklarasyon yon pastè te fè konsènan yon lòt jenn pastè k apèn antre nan ministè a. Lè gen yon moun ki te fè l remake jan jenn gason an te ògèye, ansyen pastè a te reponn ou di : « Wi, li panse se li ki katriyèm pèsòn nan trinite a. » Se tèlman fasil pou yon pastè ou yon predikatè vin ògèye.

Lang lan danjre anpil. Jak ap di isit la : « *Frè m' yo, se pa pou anpil moun nan mitan nou kouri dèyè plas dirèktè.* » Ou pwofesè. Piga w panse nan menm moman w fin asepte Kris kòm Sovè pèsònèl ou, ou ka tou al louvri yon lekòl bibliik e kòmanse anseye Apokalips.

« *Paske, konnen byen: lè nou dirèktè, Bondye ap jije nou pi sevè pase lòt yo.* » Franchman se enkyetan konnen Bondye va jije nou pou fason n anseye Pawòl Li, e si n gen malè anseye fos doktrin

se sèten nou va tonbe anba kondanasyon L. Zanmi plis ou gen opòtinite anseye Pawòl la, se plis ou responsab devan Bondye.

Jak 3 :2 *Nou tout nou bite nan plizyè sans. Yon moun ki pa janm bite nan pawòl li, se yon moun ki bon nèt; moun sa a kapab kontwole tout kò l' byen tou.*

« *Nou tout nou bite nan plizyè sans.* » Ou ka wè Jak di nou tout donk tout moun ladan l' pa gen esepsyon.

« *Yon moun ki pa janm bite nan pawòl li, se yon moun ki bon nèt.* » Bon nèt nan kontèks sa vle di yon kretyen ki fin grandi, ki fin matrite jan l ta dwe ye a menmjan yon ti bebe grandi pou rive gramoun. Ou ka wè yo rive yon lè yo di entèl fin grandi, li fin devlope.

Epi Jak ajoute « *Moun sa a kapab kontwole tout kò l' byen tou.* » Ki vle di, si l' ka rive kontwole lang li, li ka rive kontwole tout kò l tou, ankò mye tout lavi l. Fakilte pawòl separe lòm avèk reny animal la. Li penmèt nou pa yon senp makak k ap gazouye ou pèwokè k ap chante. Lòm pa yon animal ki pa ka pale ou yon ti zwazo. Lòm ka transfòme panse an pawòl, li ka eksprime tèt li, yo ka konprann li, li ka kominike nan nivo ki pi wo a. Lang se tankou you badj n ap pote, li idantifye nou. Li se pi gran katalòg lavi. Li se tab matyè lavi nou.

Lang penmèt yo byen konnen nou, li revele ki moun nou ye. Dr. McGee di kèk lanne pase mwen menm ak madanm mwen ak pitit fi nou t ap fè vit kouri soti nan yon konferans Salt Lake City pou ale nan yon lòt konferans zonn San Francisco Bay. Sou wout la, nou te kanpe nan yon estasyon gaz nan yon ti vilaj ke m pa menm sonje non l', bò zonn High Sierras and Donner Pass. M desann machin lan e m di jenn gason ki t ap sèvi a, « Ou mèt plen l'. » Sèl sa m te di, men pandan m t'ap admire bèl mòn yo

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

ak bèl vi ki gen nan zonn lan, m rann ke l t ap gade m ak ensistans. Finalman m vire gade l' ak yon souri. Li mande m : « Ou se Dr. McGee ? » M reponn li : « Men wi. M rekonèt ou ? » Li di : « Non. » M di l' : « Ou rekonèt mwen ? ». Li reponn : « Non. Se premye jou nou rankontre men isit la, sitou an ivè lè gen anpil lanèj, se pwogram ou yo nou koute chak dimanch swa sou radyo. Tradisyon sa la lontan. M ap rekonèt vwa w nenpòt kote. » E m te fè menm eksperyans sa plizyè fwa. Donk ou wè, vwa m, ou ankò lang mwen te fè yo rekonèt mwen.

Ou sonje sèvant ki te di Simon Pyè : « ...*Se vre wi, monchè. Ou fè pati moun sa yo tou. Jan ou pale a fè nou rekonèt ou* » nan Matye 26 :73 la ? Donk depi nan pale l' msye pa t ka di l pa moun Galile. Fason w pale endike ki kalite moun ou ye, langaj ou fè yo rekonèt ou. Li endike moun ki bò w ye. Li revele si w se yon inyoran ou yon moun edike, yon moun tè a tè ou kiltive, si w se yon moun sal ou yon moun pwòp, si w se yon moun vilgè ou sivilize, si w se yon kwayan ou yon blasfematè, si w se yon kretyen ou yon enkonvèti, si w inosan ou koupab. Zanmi m gen enpresyon si w ta jwenn yon anrejistreman tout pawòl ou te repete pandan mwa sa a, ou te ka pa t vle lòt moun tande l'.

Bon, kounyea ann pran asid la mete sou lang mwen menm avè w (m pa di w al mete asid ou lang ou non, sa se yon langaj imaje nou pran). Pou kòmanse Jak pale sou lang san kontwòl e san mezi a.

Jak 3 :3 *Nou mete yon mò nan bouch chwal pou fè yo obeyi nou. Avèk sa, nou fè y ale kote nou vle.*

Jak isit la pran egzanp yon cheval. Se David ki te di nan Sòm 39 :1 : « *Mwen te pwomèt mwen t'ap veye sou pawòl mwen, pou m' pa peche ak lang mwen. M'ap mete yon fren nan bouch mwen toutotan mechan yo va kanpe la devan mwen.* » Donk David ap di

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

paske l' te vle bay yon bon temwayaj, yon temwayaj apwopriye li t'oblige mete yon mò nan bouch li. E dapre mwen gen bon kou kretyen jodia a tou ki ta bezwen mete yon baboukèt nan bouch yo.

Baboukèt la se yon ti zouti tou piti, men l ka metrize yon cheval ki eksite e anpeche l pati kouri kite latouraj li. Dr. McGee di si w gen ti laj sou tèt ou petèt ou ka sonje epòk lè te konn gen cheval k ap rale kabrèt. Li di m sonje yon lè gen yon cheval ki te kase kòd, chavire kabrèt li t'ap rale a tèt anba e lakòz lanmò nan yon fanmi. Menmjan an tou lang lan ka pete kòd. Gen yon moun ki t ap pale sou yon lòt moun ki di: « Tèt li fè lang li kòmanse pale epi l' pati kite l'. » Nou pa dwe viv nan fason sa, fòk lang nou gen kontwòl.

Kounyea Jak va bay yon lòt egazanp.

Jak 3 :4 *Se menm jan an tou ak bato. Gwo kou l' gwo, gwo van te mèt ap pouse l', se yon ti gouvènay ki dirije li. Ak gouvènay tou piti sa a, kapten lan mennen l' kote l' vle.*

Se yon ti gouvènay tou piti, bagay pi fò moun pa menm remake, ki kontwòle yon gwo bato. Yon gwo van tanpèt ka bwote yon bato pote ale, men se yon ti gouvènay ki kontwòle l. Menmjan an tou lang nou ka chanje pakou lavi nou. Gen moun lavi yo wine akòz sa moun di sou yo; gen bon kou medam ki jwenn non yo ap drive nan labou, ki pèdi renome yo akòz tripotay.

Jak di lang pi danjre pase yon cheval ki kase kòd ou yon gwo tanpèt sou lanmè. Pèsonèlman m kwè tafya ap wonje aspè vital yo nan sosyete nou yo sèjousi men eske w' konnen Bib la pase plis tan ap kondane lang moun pase alkòl ? Tafya ak tafyatè ka lakòz pèt nasyon an, men malgre tou lang lan ankò pi danjere. Nou li nan Pwovèb 6 :16, 17 : « *Gen sis bagay Seyè a pa vle wè. Sa*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

m'ap di la a: Gen menm sèt bagay li pa ka sipòte: Se moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun, se moun k'ap bay manti, se moun k'ap touye moun inonsan, » Donk "moun k ap bay manti" se yonn nan sèt bagay Bondye rayi ou pa vle yo.

Se evidan lang nou ka mete nou nan gwo tèt chaje. Yon fwa ankò gen yon moun ki te ekri yon poèm sou sa pou di:

Yon mo ensousyan ka lanse 'on konfli
Yon mo kriyèl ka detwi yon vi
Yon mo di ka plante lahèn
Yon mo brital ka frape di e touye

Yon mo dou ka plani chemen an
Yon mo kè kontan ka klere jounen w
Yon mo apwopriye ka anlve strès
Yon mo damou ka geri e beni

M te vrèman enpresyone li dènye mo Jeneral Montgomey te adrese batayon 8èm Lame a an Itali apre II Gè Mondyal la. Li te di yo : « Yon kòmand dwe pèsone l e li dwe vèbal ; sankwa li pap reyisi, paske li vlope nan faktè imen an. » Epi l' kontinye pou di : « Gen yon pasaj nan Nouvo Testaman an ki prèske toujou nan tèt mwen se I Korent 14 :9 ki di : « *Konsa tou, ki moun ki pral konprann sa w'ap di a si mesaj w'ap bay an langaj la pa klè? Se pou van w'ap pale!* » Zanmi, se kalite langaj sa a m ta renmen genyen pandan m ap dispanse Pawòl Bondye a, yon laganj senp e klè ke ni timoun piti ni granmoun ka konprann. Gen yon moun yon lè ki te mande m : « Men kòman menm mesaj la fè rive mennen e yon timoun 9 an e yon pwofesè inivèsite vin jwenn Kris ? » M dwe konfese m pa gen repons kesyon sa. M' konnen pou sèten Bondye beni Pawòl Li e n' bezwen anseye l an tout senplisite. Nou bezwen mete bokal bonbon an nan yon etajè tou ba kote nenpòt ti moun ka jwenn li. Paske anfèt Bondye pa t di :

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

« Pran swen ti jiraf mwen yo » men l te di pito "Pran swen mouton m yo" selon Jan 21:15.

Avèk Pawòl sa yo nou rive nan fen etid nou pou jounen an se moman pou nou remèsye w pou fidelite w e kite w avèk lapè e lagras Bondye!